Адыгэ жыг хадэжьхэм я етIуанэ гъащIэр

2-нэ нап.



Лъагъунытеъ, щIэныгъэ, хуитынытеъ

2-нэ нап.

ПсыщIагъ бгъузнщIагъхэмрэ благъуэмрэ я хъыбарыр

3-нэ нап.

Дагыстэнхэм нэхъ яхозагъэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№97 (24.535) ● 2023 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 15, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Налшык я гуапэу щагъэлъагъуэ

4-нэ нап.

КъБР-м и IэтащхьэмрэПравительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Нэхъ къарууфIэ мэхъу

«Армия-2023» дунейпсо дзэ-техникэ форумыр къыщызэIуахым хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Ар мы махуэхэм щокIуэкI Кубинкэ щыIэ Урысейм Iэщакlэ Зэщlэуэзэда и Къаруэхэм я «Патриот» парк нэхъыщхьэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Путин Владимир зэIущIэр къыщызэIуихым къыхигъэщащ: «Урысейр хьэзыгъ технологие, дзэ-техникэ я лъэныкъуэкIэ дапэкIэ къызэрыкIуэр ядэлэжьэну, зи лъэпкъ Iуэхур япэ изыгъэщхэм, зыужьыныгъэм тегушхуауэ хэзыгъэхэм, сыт хуэдэ къэралми зэхуэдэу шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыныр зыгъэзэнхъыщхьэхэм гъуэз яхуэхъуну».

Гъэлэгъуэныгъэм хэтщ урысей Iуэхущ1анIэу зы минрэ ныкъуэрэ, абыхэм утыку кърахьэнущ дзэ Iуэхум къыщагъэсэбэп техникэу мин 28,5-рэ. Абы хохьэ лъэщагъ ин зиIэ дзэ машинэхэр, кхъухьлатэхэр, вертолётхэр, къэзыIэтыхь аппаратхэр, нэгъэущIэхэр.

Зэхьыхьэм нэгъэущI къэралхэми ди хэкуми щыщу къыщызэхэхэсахэм иджырей мардзэкэ зи лъабжьэ дзэ техникэр зэралъагъум и мызакъуэу, щIэныгъэ-практикэ конференцкэм хэтыну Iэмал яIэнущ, зэдалэжьэнхэм зэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIэфынущ.

Къабащтэмэ, апхуэдэ Iуэхуу 250-рэ щекIуэкIынущ форумым. КIуэкIуэ Казбек утыку кърахьэхэм зыщитъэгъуэзащ, бронежилет, каскэ, дзэм кызыщагъэсэбэп вакъэ, нагъуджэ, БПЛА къыщIэзыгъэкI предприятхэм я унафэщIхэм яхуэзащ икIи зэрызэдэлажьэнум и Iэмалхэр яубзыхуащ, абыхэм къыщIагъэкIхэр республикэм къыщохуу, дзэ Iуэху хэхам щыIэ дизайн-техникэ зэрыхурагъэшэнум тепсэлъыхьащ.

Iэтащхьэм къыхигъэщащ ди лъахэгъуэхэри апхуэдэ IуэхущIапIэхэм зэрыщылажьэр и гуапэ зэрыхъуар.

«Шэч хэмылъу, ди къэралым и зыкъумажьныгъэ-промышленнэ къарум зэрызиужьыр гуапэ пщохъу. Абы и фIыгъэкIэ дапэщIэтыфынущ димыныбжьэгъу къэралхэм къытухащI сыт хуэдэ лъакъуэпэщIадзми, ди цIыхухэри ихъумэфынущ, мамырыгъи зэтриубгъфынущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек .

Лъэlу псори ягъэзащIэ

Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм зыщIэзыгъакъуэ Къэрал фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщI Дадэ МуIэедрэ лэжьыгъэ IуэхукIэ зэхуэзащ.

ЗэIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ дзэм къулыкъу щызыщIэхэм зыкъызэрыхуагъазэ лъэIуэхэм япкъ иткIэ унафэ зэрызэIэпах щыкIэм. Республикэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ щIыпIэ, кьалэ администрацэ къэс пэш щхьэхуэзэрэ лэжьапIэ Iэнатlэ хэхарэ къыщызэIуахащ, фондым дэлэжьэныр зи къалэн унафэщIхэм я къуэдзэкэри Iэнатlэм пэрагъэуващ.

КъБР-м щыIэ фондым и къудамэр щылажьэну унэри зэрагъэпэщ. Метр зэбгъузнатlэ 1000 зи инагъ уухэныгъэр мэкъуаугъуэм и 1-м ирихьэлIэу зэрахьащ, иджыпту пэшхэм Iэмэпсымэрэ унэлъащIэрэ щIагъэувэ, и пщIантlэри зыхуэй хуагъазэ.

Дадэ МуIэед Iэтащхьэр щыгъуазэ ищIащ лъэIу 675-м пэджжэу, фондым унафэ щхьэхуэхэр кьызэрищтар, иужькIэ къатахэми зэрелэжьыр.

КIуэкIуэ Казбек унафэ ищIащ Дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зыщIэгъэкъуэнымкIэ комиссэм и зи чэзу зэIущIэм зыхуагъэхьэзырыну.

ЗэрекIуэкIым зыщегъэгъуазэ

КIуэкIуэ Казбек зригъэлъэгъуащ Налшык къалэ гъэзгу лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIымрэ жылагъуэ щыIпIэхэмрэ зэIуэзэпэщ зэращIымрэ.

Мы гъэм лэжьыгъэшхуэ къапэщылъхэм ящыщ зыщ Осетинскэ уэрамым щекIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэхэр. Абы хохьэ гъущI гъэзгу вокзалым и гупэ кьит утыкумрэ гъэзгу зэхэкIыпIэм и гъунэгъу щIыналъэхэмрэ.

Вокзалым кьепха щIыпIэр иджырей мардзэкэм тету зэIуэзэпэщ ящIынущ. Абдеж щаухэнущ машинэ къуэвыIэпIэхэр, щхъуантIагъэр зэбгкI лъэс лъагъуэхэр къыщызэрагъэпэщынущ, ихъуреягъыр уэздыгъэхэмкIэ ягъэнэхунущ, апхуэдэуи архитектурэ и лъныкъэкIи ягъэщIэрэщIэнущ.

Кьалэм и уэрамищым - Къэбэрдейм, Осетинскэм, Щоджэным и цIэр зезыхьэм - гъэзгу лажьыгъэхэмрэ абы пэгъунэгъу щIыпIэхэр зэуэзэпэщ зэращIынымрэ кьищынэмыщIауэ, хьэуам хэту абыхэм ирикIуэ уэздыгъэ кIапсэкэр щы щIыпIэм щIэлъу якъуэдиижынущ «Уафэ къьбзэ» программэм ипкъ иткIэ. Осетинскэ, Щоджэным и цIэр зезыхьэ уэрамхэм щIыпIэ щхьэхуэхэм деж гъэзгуэр нэхъ бгъуэ щащIынущ. Кьалмыкъым и уэрамым иIэ автобус къуэвыIэпIэхэр къаГъащIэрэщIэжынущ, абыр Будаевым и цIэр зезыхьэ уэрамымрэ я зэхэкIыпIэм, ГИБДД-м и чэнджащкIэ светофор щагъэувынущ, абы и фIыгъэкIи автотрассэр нэхъ шынагъуэншэу щытынущ.

Руставели, Мэзлом я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм гъэзгу лэжьыгъэхэр щызэфIэкIащ. Машинэ щызекIуэ гъэзгур, уней пщIантIэхэм я дыхьэпIэхэр зэрагъэпэщыжащ, лъэс зекIуапIэхэр, щхъуантIагъэхэр къыхэгъэкIа щыIпIэхэр зэIуэзэпэщ ящIынущ, уэздыгъэхэр фIадзащ, хабзэм тету гъэзгум уэзрыщызекIуэнур кьэзыгъэлъагъуэ дамыгъэхэр трагъэуваащ.

Пятигорскэ, Нэхущым и цIэр зезыхьэ уэрамхэм машинэ щызекIуэ гъэзгумрэ лъэс лъагъуэмрэ тепЛ асфальтыр, уэздыгъэхэр зэрахьэхэ. Мы илъэсым 2-нэ Таман Дивизэм и уэрамми гъэзгу лажьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну я мурадщ.

ЩIэтIысхьэжыгъуэм зыхуагъэхьэзыр

КъБР-м и Iэтащхьэр лэжьыгъэ Iуэхукlэ хуэзащ КъБР-м егъэджныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор. Ахэр тепсэлъыхьащ еджапIэ щIэтIысхьэжыгъуэм зэрызыхуагъэхьэзырым.

МИНИСТРЫМ жиIащ курыт еджапIэхэр, щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт Iуэхущ1апIэхэр, колледжхэр фокIадэм и 1-м зэрыхуэхьэзырыр лэжьакIуэ гупым кьызэрапщытэр, щынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным гупытэ нэхьыбэ зэрыхуащIыр. Нобэкlэ абыхэм я процент 90-р комиссэм кьызэрызэхикIухьар жиIащ Езауэм.

Егъэджакlуэхэм я щыщхьэуIу зэIущIэшхэр мы мазэм и 22-м зэрызэIэкIынум, ар къызэрызэрагъэпэщыну щIыкIэм кьытеувыIащ къулыкъущIэхэр.

Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт курыт еджапIэхэм нэхъри зегъэужьыныр дызэрыт зэманым зэрыIэмалынышэр жаIэри, «Профессионалитет» зэпеуэм щытекIуэу федеральнэ ахъшэ къызыхуауатIыпщэ гуманитар-техникэ, агропромышленнэ колледжхэр зыхуэй-зыхуэфI теухауэ я Iуэхур я мылъку-техникэ лъабжьэр зэрырагъэфIакIуэр кьыхагъэщащ. Абы папщIэ республикэм кьыIэрыхьащ сом мелуани 160-рэ.

ЗэIущIэм и кIэухым министрым КIуэкIуэ Казбек иритыжащ Налшык къалэ дэт школ-интернат №91-м и еджакIуэхэм я тыгъэхэр: гъущIым, пхъэм кьыхэщIыкIахэмрэ Iуащ1ьэмахуэ кьызэрыщI сурэт щхъуэжкIапIэлъыкIэ дахэмрэ. Iэтащхьэр щIыкIуэхэм Илъэсыщ1эм и пэ кьихуэу щахуэзат «Хъуэпсапlэхэм я псей» зэIущIэм.

Бобылёв Валентин йохъуэхъу

Урыс чыристан диным хьхьэ Псыхуабэ, Черкесск епархием и унафэщI, Налшык округыр зи нэIэ щIэт дин лэжьакIуэ Бобылёв Валентин мы махуэхэм илъэс 60 зэрырикъуамкIэ екъуэхъуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

РЕСПУБЛИКЭМ и Унафэщым и хъуэхъу псалъэм кьыщыкIэущащ Бобылёвым щIыналъэм папщIэ куэд зэрыхуэзэфIэкIыр. КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я гъащIэр псэукIэ хабзэ узыншэм кьытенэным, динрэ лъэпкъкIэ зэщхьэщыкI щIыхухэм я зэхуэкъу зэгурыIуэ дэлъыным, щIалэгъуалэр гъуэгу пэжкIэ унэтIа хъуным, жылагъуэр зэкъуэтным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ Бобылёв Валентин.

КIуэкIуэ Казбек дин лэжьакIуэм фIыщIэ хуищIащ Къбэрдей-Балъкъэрри Урысейри ефIакIуэмэ нэхъ кьиштэу, ар илъэс куэд щIауэ и гущIэм зэрыщымысхьым папщIэ икIи дяпэкIи узыншэу дунейм тетыну, насыпрэ фIыгъуэрэ щымыщIэну ехъуэхъуащ.

Республикэм и Iэтащхьэм унафэ кьыдигъэкIащ Бобылёв Валентин Николай и къуэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр иратыну.

Псори щIащIэр цIыхухэрщ

Бахьсэн щIыналъэм къыщапщытащ «Псы къабзэ» къэрал пэхуэщIэм хиубыдэу цIыхухэр зэфэну псымкIэ къызэгъэпэщыным теухауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр эдынэсар.

А IУЭХУМ зыщагъэгъуэзэну щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Балъкъыз Артур зи пашэ гупыр щыIащ Къулъкъужин Ипщ, Къулъкъужин Ищхьэрэ, Куба къуажэхэм. Абыхэм зыхуей щыхуагъэзащ псы зрикIуэ бжьамийхэр, псы къыщIэшыпIэщIэ щахуащ.

Районым и унафэщIыр кьуажэдэсхэм яIущIащ, ахэр псыкIэ сыт хуэдэу къызэгъэпэщыми и нэкIэ зригъэлъагъунэ папщIэ. Абыхэм псыкIэ гукъеуэ зэрамыIэжкIр жаIащ икIи ар зи фIыщIэ республикэ, район унафэщIхэм фIыщIэ ин кьыхуащIащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, зи гугъу тщIа лъэпкъ пэхуэщIэм хиубыдэу, щIыналъэм щахуащ псы жаIэщIэу километри 10, псы къыщIэшыпIэ. Абы трагъэкIуэда сом мелуан 24, 4-м щыщу сом мелуани 8-р щIыналъэ бюджетым къыхэкIащ. ЗэфIагъэкIа лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ жылагъуэрэс мини 3-м щIигъур псыкIэ тэмэму къызэгъэпэща хъуащ.

«ГъэзгуфI шынагъэншэхэр» лъэпкъ пэхуэщIэм и лъэныкъуэкIэ зыхуей хуэзэу зрагъэпэщыжащ щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ Куба - Псыхурей - Крем-Константиновка - Къызбрун -1 - Къулъкъужин Ипщэ гъэзгур, километр 11-м щIигъу зи кIыхьагъыр. А лэжьыгъэхэм сом мелуан 84-рэ трагъэкIуэдащ. Абы и мызакъуэу, сом мелуан 540-рэ и уасэ лэжьыгъэ иращIылIащ къуажэ кIуэцI, къуажэ щхьэхуэзэр зэпызыщIэ гъэзгуэхэм. Бахьсэн щIыналъэм мы илъэсым зэрыщидзэ-рэ щагъэкъызэрыщ цIыхухэм я псэуныгъэр сыт и лъэныкъуэкIи езыгъэфIакIуэ ухуэнырэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьалIауэ сом мелардит1 и уасэ пэхуэщIэ-убзыхуныгъэр 68-рэ.

ХьэтIохъущыкъуей, Испльэмей, Зеикъуэ, Кыщпэк, Къулъкъужин Ищхьэрэ, Бахьсэнёнкэ, Псыхурей, Къубэ-Тэбэ, Куба къуажэхэм дэт курыт еджапIэхэм я спортзалхэр гъэ еджэгъуэщIэм ирихьалIэу зрагъэпэщыжащ икIи зыхуеину псомкIи кьызэрагъэпэщащ. А лэжьыгъэхэм трагъэкIуэдащ сом мелуан 16-м щIигъу. Куба къуажэм щаухуэ щIыху 500-м тещIыхьа курыт школ. Абы трагъэкIуэдэнкIэ сом мелуан 411-рэ. «ЦIыхухэм япэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ Iуэхущ1апIэхэр ухуэн» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ а къуажэм дащIыхьынущ амбулаторэщIэ.

Бахьсэн щIыналъэм щыпсэу цIыху 11-м я псэуныгъэр егъэфIэкIуэным теухауэ къэрал дэлэпкъыныгъэ ирагащ, а мылъкумкIэ унэ къащхьэхунуми яухуэнуми хуиту. Апхуэдэу зыдэIэпыкъуахэм яхэхуащ зи узыншагъэкIэ хуэмыщIахэр, сабий ныкъуэдыкъуэ зыпI унагъуэкэр, зауэм и ветеранхэр е абыхэм я щхьэгъусэ фызабэу кэнахэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Арэзы зытехъуа зэхъуэкIыныгъэхэр

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иджыблагъэ зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.

РЕСПУБЛИКЭ унафэщIхэм кьащтащ «ЦIыхухэм защIэгъэкъуэным, псэукIэр егъэфIэкIуэным зи Iуэхур хуэгъэпсахэм я реестрым хагъэхьа хьэрычэтыщIэхэмрэ илъэс 25-м нэс я ныбжьыр иту хьэрычэт Iуэху мащIэрэ курытрэ кьызэIуэзыхахэмрэ ахъшэ саугъэт зэрырат щIыкIэм зэхуэкIныныгъэхэр хэлъхьэным теухауэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектыр.

- УФ-м Экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм 2021 гъэм гъатхэпэм и 26-м кьыдигъэкIа «Хьэрычэт Iуэху мащIэрэ курытрэ защIэгъэкъуэн папщIэ, УФ-м и щIыналъэхэм я бюджетым ирагъэхь субсидиехэр зэрагъэзэщIапхъэ мардзэкэр гъэбелджылыныр зи щхьэ Iуэху кьызэзыгъэпэщIащIэжахэм налог хэха яхуэгъэзыныныр теухауэ» унафэ №142-м кьыщыгъэтхъыгъащ зи гугъу тщIы ахъшэ саугъэтыр зэрат щIыкIэр. Апхуэдэуи федералыр зыдэзыгъэIэпыкъуну хуейм налогхэмкIэ, къуэдыкъэмкIэ сом мини 3-м нэхъыбэ щIыхуэ ятелъ зэрымыхъунур абы кьыщыхьащ», - жиIащ КъБР-м экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министр **Рагхаев Борис**.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым коммуналь-нэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ кьащта пэшхэм я бэджэндыпщIэр яхуетыным хуэгъэзауэ 2023 гъэм субсидиехэр кьэзыхьыну хуитыныгъэ зиIэхэр зэрагъэбелджылы жыпхъэм и Iуэхукlэ» КБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым тепсэлъыхьащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммуналь-нэ Iэнатlэмкlэ и министр **Бэрбэч Алим**. Абы зэрыжиIамкIэ, жыпхъэхэр зэхагъэуващ КъБР-м Тарифхэмрэ псэупIэ кIэлъыплъныныгъэмкIэ и къэрал комитетым коммуналь-нэ Iуэху тхьэбзэхэм пэкIуэу 2023 гъэм игъэува уасэмрэ унэхэр зэрагъэпIэ пIалъэр мазиблым тещIыхьауэ зэрыубзыхуамрэ къэлъытауэ. Абы илъэс иткIэ, республикэм щыпсэухэм дызэрыт илъэсым коммуналь-нэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмкIэ зэрызыщIагъэкъуэну ахъшэр бюджетым къыщалъытащ икIи ар сом мелуани 171-рэ мин 602-рэ мэхъу.

ЗэIущIэм къыщащтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Кьалэхэр ЗэIущIэнущ щIын» и къэрал программэм зэхъуэкIныныгъэхэр хэлъхьэным теухауэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектыр. Дэфтэрым дыщIагъуащ къэрал программэр зэрагъэзащIэм щIыхуэхэр щыгъуазэ щыщ теухуа гъэдзэныр.

Щыналъэ унафэщIхэр арэзы техъуащ «КъБР-м Транспортымрэ гъэзгу Iэнатlэмкlэ и министерствэм теухуа гъэдзэным и Iыхьэ етхуанэмрэ 2013 гъэм гъатхэпэм и 19-м КъБР-м и Правительствэм кьыдигъэкIа унафэ №92-ПП-м и пункт еплIанэмрэ зэхъуэкIныныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым. КъБР-м транспортымрэ гъэзгу Iэнатlэмкlэ и министр **Дыщэкl Аслъэн** зэрыжиIамкIэ, дэфтэрыр ягъэхьэзыращ «УФ-м и автомобиль гъэзгуэхэмрэ абыхэм ехьэлIа лэжьыгъэхэмрэ» Федеральнэ Законыр кьызэрыдагъэкIамрэ Урысей Федерацэм и акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIныныгъэхэр зэрыхалъхьамрэ кьыхэкIыу. Ахэр кьэлъытауэ ягъэбелджылыжащ КъБР-м Транспортымрэ гъэзгу Iэнатlэмкlэ и министерствэм и пщэрылъхэмрэ хуитныныгъэхэмрэ.

Апхуэдэуи министрыр кьытеувыIащ КъБР-м и Правительствэм и гъэтIылыгъэ фондым кьыхэкIыу КъБР-м Транспортымрэ гъэзгу Iэнатlэмкlэ и министерствэм экономикэм епха Iуэхуэхэр кьызэригъэпэщын папщIэ, хухах бюджет ахъшэм.

ЗэIущIэм зэхъуэкIныныгъэхэр щыхалъхьащ «КъБР-м Къэрал ахъшэхэр, къэрал щIыхуэмрэ бюджет зэхуакъу зэхущытыкIэхэмрэ щызэхэIэныгъэхэм», «КъБР-м егъэджныгъэм зыщIагъэужьыным» къэрал программэмэхэм. КъБР-м егъэджныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор** зэрыжиIамкIэ, дэфтэрыр ягъэхьэзыращ егъэджныгъэ Iэнатlэм сом мелуан 15 зэрыхуэхахам кьыжькIыу. Ахъшэр зэрытрагъашэм теухуауэ министрыр кьытеувыIащ нэгъуэщI зы дэфтэрми - «2023, 2024-2025 гъэхэм курыт еджапIэхэр зэрырагъэфIэкIуэну мылъкур муниципальнэ щIыналъэхэм я бюджетым зэрытрагъашэм халъхьэ зэхъуэкIныныгъэхэм теухуауэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым. Абы къызэрыщыгъэпсэльагъэмкIэ, сом мелуан 15-р я зэхуэдитIу иратынущ Шэрэдж районымрэ Бахьсэн къалэ округымрэ я щIыпIэ бюджетхэм. Мусуков Алий кьыхигъэщащ Аушыджэр кьуажэмрэ Бахьсэн къалэмрэ я курыт еджапIэхэр зыхуей хуэгъэзэн папщIэ яримыкIу ахъшэр зэрыратыр.

ЗэIущIэм къыщащтащ «КъБР-м сабийхэм зэрызыщIагъэужь программэхэм дыщIагъуэхэр гъэзэщIэныжмкIэ къэрал Iуэхутхьэбзэхэм кьызэрызэрагъэпэщ щIыкIэр гъэбелджылыным теухауэ» КъБР-м и Правительствэм и проектри.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ди къуэш республикэхэм

ЗэIущIэ гуапэ

АДЫГЕЙ. **Республикэм и Iэтащхьэ Къумпыл Мурат Адыгейм и Лъэпкъ музейм щаIущIащ дзэм къулыкъу щызыщIэхэм я анэхэмрэ я щхьэгъусэхэмрэ. Къэрагъэблагъэхэм ираратащ «Адыгэ Республикэм и ЛIыхъужьхэм я щхьэгъусэхэр» сурэт альбомхэр. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ дзэм къулыкъу щызыщIэхэмрэ я анэхэмрэ я щхьэгъусэхэмрэ. Къэрагъэблагъэхэм ираратащ «Адыгэ Республикэм и ЛIыхъужьхэм я щхьэгъусэхэр» сурэт альбомхэр. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ дзэм къулыкъу щызыщIэхэмрэ я анэхэмрэ я щхьэгъусэхэмрэ.** Щыналъэм и унафэщI Аслан Бабухэ, Адыгейм и Парламентым и унафэщI Тембот Аслан, Адыгейм и Парламентым и депутатхэр, Адыгейм и Парламентым и Аппаратым и унафэщI Аслан Бабухэ, Адыгейм и Парламентым и Аппаратым и Къэрал гъэзэнымкIэ и лъэныкъуэкIэ

Адыгэ жыг хадэжьхэм я етІуанэ гъащІэр

***Адыгэхэм жыгым игъащІэми пщІэ хуащІ. «Жыг жьауэ зыгъэтэр Тхьэм анэмэту ищтащ» жыІэгъэр щыхьэт тохъуэ а къэкІыгъэм цІыхухэр хуэсакъыу, хуэфэщэн хабзэ кІэлъыІэрахьэу зэрыщытар. Жыгыр Къэгъэщлакъуэмрэ ЩІыгумрэ я зэпыщІапІэу, щІыгъэнэр щхьэкІуэ лъэмыжу я фІэщ хъуэу щытащ адыгэхэм. Дунейм къытехьа сабийм и цІэкІэ жыг гъэтІысыныр а фІэщхъуныгъэм къыхэкІ: абы къыпыкІ фІагъэм хуэдизу цІыхум яригъэкІыну, пылъ щІэныгъэм хуэдизу къыдалъагъуу дунейм тетыну лъхугъэщІэр зейхэр щогугъри араш. Гъэуэгу техьэнуми фІэкІыпІэ имыІэу пхъэщхьэмыщхьей къудамэкІ зыбжанэ здрихьэжьэрт, ар мэзым къыщыкІ къэкІыгъэхэм ядигъэкІэн папщІэ. Къудамэ дзгъэкІэным хуабжьу гулъытэшхуэ хуащІырт цІыхухэм. А Іэщіагъэм и лъэужьхэм нобэми уахуоэз.*

НЭХЪЫЖЬХЭМ ягъэтыса жыг хадэхэм ящыщ куэд ди нобэм къэсащ. Илъэс 300 нэхъ р мынэхъ мащІэ къэзыгъэщІа а жыгхэм идмэри пхъэщхьэмыщхьэхэр къапокІэ, къудамэщІэхэр къыгуокІ. Апхуэдэу щыт пэтми, жыг хадэжьхэр кІуэдыпІэ итщ: абыхэм зыри зэрахІэлъымылъым къыхэкІыу, ирауплыкІ, гъужьхэр къахокІ, удзым лыгъэ щрадзкІэ, хэкІуадэхэри мащІэкъым. Пасэрей адыгэ мыІэрысэ икІи кхъужь зэмылІэужьыгъуэхэр къегъэлыным, щІэныгъэм тету джыным, лъэпкъым и гъащІэм кхъыхьхьэжьым илъэс 20-м щІигъуэуэ ижькъ итщ Мейкъуапэ къалэм дэт къэрал технологие университетым и лэжьакІуэ нэхъыжь, доцент Къудей Нуриет. Пасэрей адыгэ жыг хадэхэм я Іэхур зыІутым теухуауэ Нуриет къыджиІаэр «Адыгэ псалъэ» газетым и щІэджыкІакІуэхэм я пащхьэ ди гуапэу идолъхьэж.

- Нуриет, пасэрей адыгэ жыг хадэжькІэ зэджэхэм я хъыбарыр цІыхухэм куэд лъандэрэ зэІэпах. ЩІэныгъэм гулъытэ хуищІа абыхэм?

- ЩІэныгъэ къэхутэныгъэхэм кІыІэзрихэщыкІкІэ, жыг хадэ гъэкІныр КъухьэпІэ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм кьаэзрыдекІыкІрэ илъэс мини 3-м щІигъащ. Дуней псом щыцІэрыІуэ биолог, жыгГъэкІ Мичурин Иван 1934 гъэм адыгэ жыг хадэхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэ лъэпкъыгъуэхэмрэ я хьэлэмэтагъыр кІыхиГъэщу къэхутэныгъэ зыбжанэ иригъэкІыауэ щытащ. Пасэрей адыгэ жыг хадэжьхэм ехьэлІауэ лэжьыгъэшхуэ кІыІэзрИнэкІащ мэкъумэщ щІэныгъэхэмкІэ доктор, Псыжь мэкъумэщ институтым и профессор Тхьэгъэуэ Нухь. Абы и Іэдакъэ кІыщІэкІа тхыгъэ 55-м дэ Іэмал кьыдат пасэрей жыг щІэинхэм я щхьэхуэныгъэ куэдым дыщыГъуэзэну, гу зылъытапхъэ Іэхуэгъуэхэр кьэтІэту дджыну. Тхьэгъэуэ Нухь иужькІэ мы Іэхуэм и тІысхьахэм ята уасэм нэхърэ сом мини 120-кІэ нэхъыбэ. ГъэщІэгъуэнраши, еджапІэм унэтІыныгъэ псоми я уасэм хигъэхъуакъым. Псалъэм папщІэ, зэрыщытауэ къэнэжащ юрист, журналист, лингвист Іэщ1агъэхэр.

Санкт-Петербург и еджапІэ нэхъыщхьэм уасэхэм процентэ 5-м щегъэжьауэ 11-м нэс щыхэхъуащ. Апхуэдэу, программнэ инженериер процент 11-м нагъэсащ (сом мин 335-рэ), экономикэр – процентэ 9-кІэ (сом мин 321-рэ), юриспруденциер – процентэ 8-кІэ (сом мин 397-рэ) нэхъыбэ хъуащ.

Къэралищым я зэгурыІуэныгъэ

США-м, Японием, Корее Ипщэм я къэрал унафэщІхэу Байден Джо, Кисидзэ Фумио, Юн Сок Ель сымэ мы махуэхэм Кэмп-Дэвид щекІуэкІыну саммитым къыщыхалъхьэнущ апхуэдэ зэхьыхьэхэр илъэс къэс зэхащэну.

«Киодо» агентствэм къызэритамкІэ, къэралищым я Іыщхьэхэр щІэх-щІэхьыгъэ зэхуэзэныкІэ жэрдэмыр къызыбгъэдэкІар америкэ администрацэрщ. Китайм йоджэ. А мыІэрысэ лІэужьыгъуэр къызыпыкІэ жыгым зэ къыпычыжьыгъэу килограмм 1600-рэ къытыфынущ, зыхуей хузбгъазэмэ, укІэлъыплъмэ. Агуей мыІэрысэр теплъэкІэ гъуэжьыбзэщ, ин дыдэкъым, псыр щІэзу щІэтщ, мэ дахэ къыплех.

ЕдгъэкІуэкІа зекІуэм и фІыгъэкІэ дэ тхуэзэфІэкІащ нобэми шапсыгъэхэм ямыгъэкІуэдыжа лІэужьыгъуэхэм я фІэщыгъэхэр тІхьажьын. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщІэ, «псыбащхьэ мыІэрысэ» е «синап черкесский сладкий» жыхуаІэр, «алэм» е «мамайское красное» зыфІащар, «гуащэ мыІэрысэ» е нэхъыбэм «яблоко княжны» фІэщыгъэмкІэ яцІыхур. ФІэщыгъэхэм я пэхъмбэр щыпІэм къызэрыщагъэкІар къагъэпъагъэ: «мэкъауэгъуэ кхъужь», «бжьэлъакъуэ кхъужь», «мыІэрысэ гуащІэ», «босэ мыІэрысэ», «Нэжь и мыІэрысэ», нэгъэщІ куэдри. Мы Іэрысэ икІи кхъужь лІэужьыгъуэхэм ящыщу 60-м нэблагъэм я адыгэ фІэщыгъэхэр зэфІэдгъэзэжьауэ щытащ. Ахэр бандурко Ириндэ сэрэ зэдэттха, «Пасэрей адыгэ мыІэрысэ икІи кхъужь лъэпкъыгъуэхэр къэтІтыхьуэжу» зыфІэтща тхьылъым къыщыдгъэлъэгъуащ.

Апхуэдэу дэ нэІуасэ дыхуэхъуащ Сочэ кьалэм щыпсэу Хьэщт Мадин. КъыщыщІэкІамкІэ, абы фІы дыдэу ещІэ пасэрей жыг хадэхэр щагъэкІыу щыта щыпІэкІэр. Ахэр мэзыжьхэм жыжьэу хэтщ, пхрыкІыгъуейщ. ДызэрегупсысымкІэ, зыкъомкІи а щытыкІэр щхьэпэ хъуащ ахэр хъума хъуным. Мадин абыхэм гэкІэр кьагъуехри, унагъуэ жыг хадэхэм кьеж, хадэжьхэр гъатхэм еухъэнщ, жыг лъабжьэхэр егъэкьабзэ. Апхуэдэ гулъытэ дахэ жыгжьхэм яхуэзыщІхэм ящыщщ Бжьыхьэсхьеижь кІуэажьм щыпсэу Ешэкъуэ Хьэзрэти. Ар щІалэщІэми, куэд дыдэ хуэзфІэкІащ жыгжьхэр зэрыжьынщэ мыхъуу кьызэтенэным хуэунэтІауэ.

- Дапхуэдэ щыкІэкІэ жыгхэм къудамэщІхэуэфэн дагъэІэву зэрыщытар?

- Къумакэжьмрэ къызыгуахыу щытар жыгыщІэхэрат. Кхъужьей е мыІэрысей жыгым я щхьэкІэм къудамэ псыгъуэ цІыкІу кьыпахыри, ар зыгуагъэкІэну унагъуэ жыгым и пкъым хуащІа дзбзыкым ирагъэзагъэрт. КІыр кьыгуэмыхьжьи папщІэ, ятІагъуэкІэ ирагъубыду щытащ. ГъэщІэгъуэнраши, мэзым къыщыкІ пхъэщхьэмыщхьейм и къудамэри ипкъри зэхуэдизт – ахэр нэхъ псыгъуэт. Арат унагъуэ хадэм кьыщыкІ жыг фафІэм ар щыхагъакІэкІэ, псынщІэу щІиубыдыр, арат ар бэв зыщІыр.

Пасэрей пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм кьежьапІэ яхуэхъумакІэ щІэнигъэпІэхэр зэнокъуэкъу. Нэхъыбэм зэрыжаІэмкІэ, адыгэщІым къыщыхъуа кхъужь лІэужьыгъуэхэм лъабжьэ яхуэхъуащ Пасэрей Данагъуэ ГъэгумкІэ сату Іэхуэкіэ щыізэрахьа тыркумэн кхъужь лъэпкъыгъуэр е Кавказым ижькІэ щыщыкІыу щыта кхъужьмрэ хэгъэгум кьрахьамрэ кьатекІа лъэпкъыгъуэр. Зыгуэрым теубыдауэ щыткъым, тІури щІэныгъэм щызэдзіэкІэу Іэхуэ епльыкІэщ. Мы-Іэрысэм и зыужьыкІэ хъуари апхуэдэ гуэру кьалъытэ.

- Пасэрей хадэкІэ жыгыжьхэм я Іуэху зытет къыдженІэфы-ну?

- Иужьрейуэ къэдгъуэтахэм ящыщщ Дахъуэхъуэ деж хъума щыхъуа мыІэрей жыг хадэжьыр. Жыг тІощІ хуэдиз къэтпщытащ. Ди гур игъэкІуэдащ тлъэгъуам: жыгитхум я пкъым псыуэ къыщІэн мащІэщ, ныкъуэгъущ, щыр гъупащ, дяпэкІэ ильэсищ-тхуикІэ адрейхэм ужьІэльымыпльу бутІыпщмэ, хадэжьыр кІуэдыжьпэнущ. Жыгхэр умыухъуэнщІмэ, удз дэжеим кхъыхымыгъэкъуэбзыкІмэ, лъабжьэр зыхэт щыгур умыгъэщадбэмэ, зыри къэзэнукъым. Мыщащхъуэ деж къыщыкІ жыг 70-ми аращ я кІэм кІрикІуэнур. Сыт хуэдиз гуІуэуэ щымыІэми, ди щыналъэм Іэщіагъэлі хъарзынэхэр исщ жыгыжьхэр хуымэн кьалэныр я пщэ далъхьэфыну, кьэралымрэ къулыкъущІапІэхэмрэ кьадэІэпыкъун хуейуэ ара кьудейщ. Иджыри зэгъэуэщІ зы Іуэху. Уней мылъку хъуа щІы-пІэ куэдым щыІигъ удзыжьым кхъыщыІэщІах и щІэу ирадз лыгъэм жыгыжьхэм лей ярихащ. Дэ тхуэзэфІэкІащ апхуэдэ мыхъумыщІагъэр щІыналъэм кхъыщІэзэтедгъэувыІэн. УэздеІэмэ, ульэщщ, жьхуаІэращи, зыхуэсакъыпхъэхэр кхъыщІэдгъэщІауэ абы ди нэІэ тет зэпытщ.

ГугъапІэ кхъдет щыналъэм кхъыщащта программмэм, Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат мы Іуэхум иригъэвэу зэрыщытым. Абы кхъыхилъхьэ жэрдэмхэм адыгэ жыг хадэжьхэм етІуанэ гъащІэ кхъэзрыритынym шэч хэлъхьэкІ.

Епсэлъэр
ТАБЫЩ Муратщ.

«Kavkazland» нэгузегъэужьыпІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэІуахынущ «Kavkazland» нэгузегъэужьыпІэ парк. Ар туризмэм, спортым, узынщагъэр щрагъэфІекІуэж Іэнатіэм, этнографием, нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэм заужьынымрэ хуэгъэзауэ щІынальэм къыщрахьэжьэну Іуэху щыхьэпэхэм щыщ зыщ. НэгузегъэужьыпІэ паркыр щаухуэнущ Май къэлэн.

«KAVKAZLAND» инвестицэ проектыр мы махуэхэм Май районым администрацэм щекІуэкІа зэІуІэм уташу къыщрахьащ. Проектым и унафэщІ Глашевэ Танзиля къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ «Kavkazland»-р зэрагъэзэщІэнум теухуауэ яубыдыхуэхэм, ухэуныгъэр езыгъэкІуэжІыну Іуэхущ Іапіэхэм. «Сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзауэ проектыр зэрыдгъэзэщІэным дыхущІэкъунущ. Абы и лъэныкъуэкІэ гулъытэшхуэ хуэсщІу къыхэсхащ Іуэхур езыгъэкІуэкІыну компаниехэр - ахэр фІым я фІыжьэщ, а унэтІыныгъэмкІэ ехъулІэныгъэр зыІэрызыгъэхьэхэщ. Проектым и дафтэхэр делІалІэу догъэхьэзыр. Ар сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзауэ утыку къитхьэщ мазищ дэкІмэ», - жиІащ проектым и унафэщІ Глашевэ Танзиля.

Паркым хухаха гектари 100 хъу щыналъэ. Абы хэтыныр илъэс псом, гъэмахуэ лъэхъэнэм лажьэ, цІыхубзэм папщІэ аквапаркэр, аттракционхэр, спорт уэуэнигъэхэр, американ бгы дэжей-къежьхэр. КъищынэмыщІауэ, я мурадщ Урысейм и щІыналъэ псоми къикІа щІэныгъэ-ухэмрэ щІэныгъэ-ухэмрэ аквапаркым зыщигъэпсэхуным тещІыхьауэ». - жиІащ Глашевэ Танзиля.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Нэхъ пасэу пенсэм кІуащ анэ 480-рэ

Къэрал хабзэм ипкъ иткІэ, сабий куэд зиІэ анэхэр хуитщ нэхъ пасэу пенсэм кІуэну. Мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу пенсэм кІуащ сабийб анэ 480-рэ, абыхэм ящыщу 29-м сабиитху, нэхъыбэ къалъхуащ, 86-м сабиипІ, 366-м сабиищ яІэщ.

ФИГУ къэдгъэкІыжьыщи, сабиищ къэзылъхуа анэхэр хуитщ илъэс 57 ныбжьым пенсэм кІуэну. СабиипІ зиІэхэр илъэс 56-м, сабиитху е нэхъыбэ къэзылъхуахэр илъэс 50-м.

Урысейм и Социальнэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм и чэзум игъэхьэзыр пенсэ Іэхуэхэм ехьэлІауэ зыхуеину тхьылъэр. Я хуитыныгъэмрэ я пенсэр зыхуэдизынымрэ къащІэн папщІэ анэхэм нэхъ пасэу зыхуагъэзащхъэщ щІыналъэ ОСФР-м цІыхухэм щадэлажьэ и Іэнатіэм. Язныныкъуэхэм деж нэгъуэщІ дэфтэрхэми щІэупщІэнкІи хъунущ.

Мыри къэлъытатхъэщ: сабий куэд зиІэ цІыхубзхэм пенсэр нэхъ пасэу хуагъэувын папщІэ анэ хуитыныгъэхэр щхьэщамыхьауэ е быну япІыну къащтар Іамыльжьауэ щытын хуейщ. КъинэмыщІауэ, 2023 гъэм пенсэр щыхуагъэувым ирихьэлІэу Іэмал имыІэу илъэс 15 нэхърэ мынэхъ мащІэкІэ лэжьауэ, и пенсэ коэффициентыр (ИПК) 25,8-м нэсу щытын хуейщ, - кьет фондым и къудамэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іэхуэщ1апІэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Лъагъунызъэ, щІэнызъэ, хуитынызъэ

«Адыгэ псалъэм» еджэ псоми къезгъэщІыхуну сыхуейт, фІыщІэ псалъэкІи захуэзгъэзэнущ «Принт-Центр» тхыльэ тедзапІэм и унафэщІ Бекъуэ Іэниуарэ абы и нэІэ щІэт гуп махуэмрэ. ИгъащІэм зэрымыльэгъуа цІыхуитІым я зэхуакум льэмыжу дэлъ тхыльым гум бгъэдыхьэ теплъэ иІэмэ, ар къэщтэгъуэфІэ, еджэгъуафІэ мэхъу. А лъэныкъуэмкІэ арэзы дыкъэзыщІ зэпыт мы Іуэхущ1апІэр лэжьыгъэм я къару емыблэжу зэрыбгъэдэтым и щыхьэт иджыри дыхъуащи жинтыр сурэтым щыфІьагъу «Налшык губамПІэ» романыщІэр фи пащхьэ нитхьэныр кьыдигъэхъулІащ.

ТЕПЛЪЭМ укъыфІэкІмэ, купщІэм я нэхъ къэщтэгъуэфІэри тхылъ кІуэцІым икІуэдэнкІэ мэхъу, ар тэмакъкІыхьу «зэлъыІузыхьи», нэгъуэщІу жыпІэмэ, абы щеІкІуэкІ Іуэхуэгъуэхэм зэхуэхъу-зэхуэмыхъу и лъэныкъуэкІэ якІэлъыплъым редактор щыщІэмэ. А лъэныкъуэмкІэ чэнджэщгъуэ тегъэгушхуэгъуэр тхуэхуэ ди лэжьэгъу, ди щыпІэм адыгэбзэкІэ кьышыдзкІ тхьылъыфІ куэдым зи Іэбэкіэ набдзэгубдзапІэр теплъагъукІ журналист Щхьэщэмыщі Изэ и цІэр къитІэуэнэ тфІэигъуэщ. Дэлэпкъуэгъу къытхуэхъуа дэтхэзэн зыми дунейм зэрытетрэ хъэрфу я нэгум щІэкІам хуэдиз фІыгъуэрэ насыпрэ кьехъулІэну ди гуапэщ, псоми Тхьэр арэзы кьахъухъу.

ЦІыху зыбжанэ лІыхъужь нэхъыщхьэ хуэхъуащ мы романым. Ауэ «и уджыр зрищІэкІыр» кьалэм ерыскъызешэзу щылажьэ усакІуэ щІалэрщ. Уи гур кьабзэрэ уи жыпым диплом илъмэ, уи насып гъуэгурэ зэІуахкъэ? А гугъэм кІэльокІуэ Бэрыщ1э Іэсхьэд, апщІондэху и зэхэщІыкІми зеужь, гъащІэр кьызэрыщІыхьуми зехъуэж. Хэкур цІыхум и Іэрэ и псэкІэ ихуэжи щІыналъэщ, хьэзыру кьыІэрыхьэ тынышпІэкъым. Аращ мы тхьылъым гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхьытщар.

АдыгэбзэкІэ тхэр кьуаншэ хъэзыру итщ нобэрей цІыхубзм я пащхьэм. Бзэм дыкъыщхьэщыж, зыщІэдгъакъуэ, зедгъэужь зытщІ пэтми, а лъэныкъуэмкІэ нэхъ жьыжьэ кІуэтахэри анэдэлъхубзэкІэ куэд еджэркъым. ЩемыджэкІэ, кьуаншэр тхэзэрауэ дыкъыщІэкІынкІи мэхъу. Щхьэж къызэрыгъэщІащи, тхылъ емыджэ цІыхум гупсысэр щІигъэпщын и хьэлкъым. ЩыщІагъэщІам и мыхъэнэр абы тхыгъэхэм къыщымылъыІэу, езы гъащІэм къыхищІыкІмэ, нэхъ кьещІэ. Апхуэдэ Іэмал кьозытыпхъэ адыгэбзэри нобэ шы щІакъуэ зэрытесым гу лъытэгъуэкІ.

Иджы а лъэныкъуэмкІэ дывмыгъапльэу, гурэ псэкІэ и бзэм хэпсэукІыж цІыхуи дуней псом щиІэ зэфІэкІым зэрыхэхъуэм, Коре Ищхьэрэр зауэхуэфІу зэрыщытым кьыхэкІыу апхуэдэ лъэныкъуищ зэгурыІуэныгъэм и мыхьэнэр инщ.

Унэ хужьым и лІыкІуэ Кирби Джон журналистхэм яжриІащ США - Японие - Корее Ипщэ саммитым дуней псом дежьэ1э тхыдэ мы хьэнэшхуэ зиІэ Іэзэгъуэхэм зэрыщытепсэлъыхьынур. Зи гугъу ящІынухэм ящыщщ Корее хьІтыгуныкъуэм ясыралищми зэгъуэсу дзэ зыгъэсэныгъэхэр зэрыщрагъэкІуэкІынур, экономикэ, сату, промышленность унэтІныныгъэхэмкІэ нэхъ быдзу зэпыщІауэ зэрызэдзэлажьэнум и хэкІыпІэхэр, кибер шынагъуэншагъэр кьызэрызэрагъэпэщынур, нэгъуэщІхэри.

Шыщхьэуіум и 15, *бэрэжьей*

♦ **1940 гъэм** кьалъхуащ сурэтыщІ, КъБР-м гъуэджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щхьэцэ Владимир**.

♦ **1941 гъэм** кьалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Мэкъуауэ Хьэсэн**.

♦ **1954 гъэм** кьалъхуащ КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ Горлов Михаил.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 32-рэ, жэщым градус 23 - 25-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 16, *бэрэжьей*

♦ **Астронавтикэм и дунейпсо академиер къыщызэрагъэпэща махуэщ**

♦ **Фошыгу хэлъу гъэва мамкъутым и махуэщ**

♦ **1939 гъэм** «Кабардинка» ансамблым концертхэр КъуэкІыпІэ Жьыжьэм тын щыщІдзащ.

♦ **1960 гъэм** Налшык къыщызэІуахащ Изобразительнэ гъуэзджэмкІэ музей.

♦ **1965 гъэм** Урысейм щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ я фэеплъэхэр хъумэныжьІ и зэгуэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэрагъэпэщащ.

♦ **1603 гъэм** кьалъхуащ нэмыцэ дипломат, адыгэхэм я псэукІэ-зэхэтыкІэм тхыгъэ куэд тезыуэуа **Олеарий Іэдэм**.

♦ **1902 гъэм** кьалъхуащ адыгэ тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **КІэрашэ Тембот**.

♦ **1919 гъэм** кьалъхуащ композитор, уэрэджыІакІуэ, КъБР-м, АР-м, УФ-м я цІыхубэ артист **Тхьэбысым Умар**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 22 – 25-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ГушыІэ зымыщІэр Іэштіымкіэ мауэ.

ЛІэщІыгъуэ минхэм къапхыплъу

2022 гъэм илъэс 1000 ирикъуащ адыгэ тхыдэм и напэкІэущІ нэхъ цІэрыІуэхэм я зыр: урысепщ Мстиславрэ пасэрей адыгэхэм зэрахьэу щита касог (кІасэгъу) щІэмкІэ яцІыху пщы Ридадэрэ щызэпэщІэта зауэзэрылІыр. Абы ирихьэлІэу, Абазэ Хьэсэнрэ Викторрэ «Принт-Центр» тедзапІэм къыщыдагъэкІащ «Мстиславрэ Ридадэрэ: пІэщІыгъуэхэм къапхыкІ епльыкІэ» зыфІащ, а къэхъукащІэм теухуа дэфтэрхэр щызэхуахьэсыжа тхылъыр.

Тхыдэм нэхъыфІ дыдэу хуэпщыкІыну тыгъэр ар зыгурыбгъэІуэнырщ. БлэкІам дыхэмыІэбжьыф щхьэкІэ, дэ махуэ хэсси диІэщ ди япэ итахэм я Іуэху зехьэкІэм, абыхэм псэукІэ хабзэу яІам теухуауэ тщІэр зэхьыбэ, нэхъ куу, нэхъ нэгъэса тщІыну. А лъэныкъуэмкІэ лъэбакъуэ купщІафІэ зэгъуэсу ячащ Абазэ Хьэсэнрэ Викторрэ. Мстиславрэ Ридадэрэ ятетхьихьа тхыдэджэхэм я Іуэху епльыкІэхэр щызэпІэщІауэ яущІэрти, зым ейри трамыгъакІуэу, тхылъеджэр хуит ящІащ дафтэрхэр зрагъэщІыхьэрэ, Іуэхур зыІутэ дыдэр ешьм зыгурагъэІуэжьыну.

Тхыдэм теухуа тхылъ кьыщыдэкІкІэ, куэдым кьащхьэу ар Іэмал имыІэу зыхэгъэщхьэхуКІыным е лъэпкъ зэхэгъэщІ кьыхэкІауэ. Мы тхылъыр зыгъэхьэзыра Хьэсэнрэ Викторрэ лъэпкъ щхьэхуэхэм я лІыкІуэщ, ягъэзэщІа лжжьыгъэм щытрагъакІуэри зы гупсысэщ: мамырыгъэм нэхърэ нэхъ лъапІэ щыІэкъым.

«2022 гъэм мы зауэзэрылІ цІэрыІуэр къызэрыкьхъэрэ илъэс 1000 ирокъу, - жеІэри гъэщІагъэуэну и гупсысэм дыхешэ Котляров Виктор. – ИтІани, абы теухуауэ литературэм, щІэныгъэми куэд щатхащ, сурэт куэд ящІащ, фэеплъэр ягъэуващ. Касогхэм я пашэр хэкІуэда щхьэкІэ, абы и фІыгъэкІэ лъэпкъ псор псэууэ кьызэтенауэ щытащ. Уегупсысмэ, ар а зэманым псэуахэм я мамырыгъэ щыкІэу арат».

«Апхуэдиз илъэс мин бжьыгъэ кьэзыгъэщІа адыгэм и тхыдэм, - поджэж редакторым Абазэ Хьэсэн, – сыт хуэдэ кьаугъэ кьэрал ІуэхукІэ хэмыхуами, ар мамырыгъэкІэ ирагъэхуныкІ кьехъулІащ ди лъэпкъым». Хьэт къэралыгъуэмрэ Мысырымрэ зэращІыпІаУэ щыта Хьэдэш зэгурыІуэныгъэмкІэ кьрегъажьэри, Хьэсэн тхыдэ щапхъэхэр кьехь, жиІэм и щыхьэту кьэуву. А псом кьигъэлъагъуэр зыщ: цІыхум сыт щыгъуи акъыл хурикъун хуейщ езым хуэдэм щысхьыныр, и гъащІэм емыбгъэрыкІуэну, мамырыгъэр тригъэкІуэну.

Тхылъыр тыкуэнхэм кьыщІалъхъа къудейщ. Абы ущрохьэІэ Брацун Е., Лопатинский Л. Г., Трубецкой Н. С., Турчанинов Г. сымэ я тхыгъэхэм. Адыгэ щІэныгъэлІхэу Шортэн Аскэрбий, Дзэмыхь Къасболэт сымэ я лэжьыгъэхэм, уэрэдыжьхэм, кьинэмыщІ тхыгъэ гъэщІэгъуэнхэм. Тхыдэр фІыуэ зыІутыгъуэр зэрыщыгуфІыкІынум шэч кьытетхьэркъым мы кьыдэкІыгъуэм.

КЪУДЕЙ Іэминэ.

Анэл

● Гъащіэ теплъэгъуэхэр

Къэіуа Іэуэлъауэм зыкъ-ригъэІтауэ щхьэгубжьэм дэпІъ Хьэсэнбий елъагъу и къуэ Замудин пщІантІэм къызэрыдыхьэжыр. «Хъарзынэ хъуащ. Укіыти къикІуэти щыІэж хъунукъым иджы. Алыхьым жиІэмэ, иджыпсту жесІэнщ сызыІууейр, къехьэкІ-нехьэкІ хэмылъу. Хъунщ дэ тшэчар, адэкІэ кІуапІэ диІэжкъым, зы лъакъуэмкІэ мащэм дитщ. Ноби-ныжэби...» - егупсысащ ар икІи щэнтыр къыщІэри, унэбжэм пэгъунэгъуу етІысэхащ, къуэм пэпІъуу.

- МОУЭ зэ етІысэхи, тепыІэ уиІэу къызэдаІуэ, - жиІэри, къыщІэбэкъужа щІалэм Хьэсэнбий пэуващ.

-Сыту пІэрэ къэхъуауэ мы ди адэр къыщыІыспежьар? Сыт щыгъуи хуэдэу, щІагъыбзэ хэпІу «къашэ» жиІэу къызидэжІыну армырамэ, сщІэркъым?» - жеІэ Замудин игукІэ икІи щтэІэщтаблэу йотІысэх.

- Уа, щІалэ, сымыукІытэжыххэу бжесІэнщи, уи гъащІэр апхуэдэу пхьыну уи гугъэмэ, уэкъопцІэ. Адэкіэ кіуапІэ диІэжкъым. Сыт уи мурадыр? Уиягъуэ узэрыхуэн Іуэху гъэпхуэркъэ? - хъярэ-гъажьэ адэм, къуэм гъунэгъу зыхуицІырэ. - НэгъэущІ мыхъуми, псы кІрушкІэ къыдитынщ. А зи унагъуэр бэгъуэн, мыр дауэ? КъызжиІакъым жиІэжкъэ-тІэ: тхьэмахуэ пІалъэу уэгъри, абы фІэбгъэкІмэ, унэм къыдыхьэж уиІэжьым. Сыту умыльагъурэ уи анэм бэлыхьу телъыр? Ди махуитІ зыхуэдэкъым дэ. Ар хъунт, къэпшэн уимыІэмэ. Дыщыгъаззщ уи классэгъу щыта Шуфлакъэ я пхъым илъэс куэд хъуауэ узэрепсалъэр... КъыбгурыІуа бжесІар?

- КъызгурыІуащ, - жэуап итащ Замудин, адэ нэгум иплъэн укІытэу, и щхьэр мащІэу къыдрихьейри.

-Зэ «хъунщ» щыжиІакІэ, ари хъарзынэщ. Деплъынщ ищІэм», - егупсысри, и пэшымкІэ кІуэжащ Хьэсэнбий, и щхьэгъэусэр игъэгуфІэным хуэпІащІэу.

-Пэжу, зэрезгъэлэйм пщІы хэпхъыкъым. Адэкіэ кіуапІэ сиІэжькъым сэри. Ирикъунщ адэ-анэм гугъуехыу езгъэшІэчар. Ныщхьэбэ нэхъ фІэмыкІыу Дахэнагъуэ (гу зыхуицІа пщащэм арат и цІэр) зыхуэзгъэзэнщи сепсолъэнщ», - мурад ищІащ Замудин.

Гъатхэ пщыхьэщхьэр гурыхьщ. Уи щІалэгъуэмэ, уи дахэгъуэмэ хъарзынэкъэ, мыдуней псор ууейуэ къыпфІощхэу. Апхуэдэ щытыкІэт я псэм яІэр шхапІэ кІуэри щІэт стІолъкІи бгъэдэт щІалэгъуалэм. Зыри яІалъэрыкъым, зыри зэхахькъым абихэм. Тобэ, тобэ, сыту дахэІуэ икІи тхъэгъуэ щІалэгъуэ тІэкІыр! Арац гъащІэм и дыщэ купсэр.

Абыхэм ялэмыжьыжьу, лъэныкъуэкІэ и закъуэу щысщ зы щІалэ, шхапІэм укъыхуэзышІэ дыхьэпІэ закъуэм и нэр топлъызэри. Ар щІэх-щІэхыурэ сыхьэтым йоплъ, иужькІэ къотэдж, Іэгъуэблагъэр къызэкІуфІи, «ухъу» жиІэу кэтІысыж. Зэманыр къэувыІам ярейщ Замудин и дежкІэ, ар мэпІащІэ, щтэІэщтаблэу йожьэ Дахэнагъуэ, къызэрымысым иригузавэу. «Тхьэм жиІэмэ, кэсынщ, дыщэзгурыІуа зэманым куэд блинжьыкІым, - и гур егъэфІ Замудин, ауэ зэмм гурыщІхъуэр и гум къохьэ. - Сэ къызэпсалъэурэ и гур нэгъэущІ щІыпІэ щІыэмэ-щэ? Хьэуэ, хьэуэ, апхуэдэ кхъхъынкІэ зы Іэмал иІэжьым, дэ сфІыуэ дыз-эрольъагъу. Си къэшэным зыгуэркІэ игу кхъэзмыбгъамэ, адрейхэр Іуэхукъым, сежьэнщ къэсыхукІэ. Кэзмыкіуэрэ - сыт сщІэн, кіуапІэ сиІэжькъым, я унэ сыкІуэнщ. Ди адэм еста псалъэр сымыгъэпэжьынкІэ зы Іэмал иІэ-къым».

И нэкІур Іэгуитімыкіэ щІихъумауэ Замудин здэгупсысэм, и щІыбгаръмыкІэ щэхуу зыгуэр къыбгъэдэхуэри, и нэр щІихъумащ. НэкІум мафІэ кхъэдэда Іэ щабэ щыкІуитІыр иубыдри, Замудин ба хуищІащ, фІыуэ илъагъу и пщащэ Дахэнагъуэ зэрыарам шэч къытримыхьэу.

- Сыту Іейуэ ухэплъэрэ, Замудин, зыгуэр къэхъуауэ ара? - щІэупщІащ Дахэнагъуэ, Замудин жиІэнІауэ хунэмыс щІыкІэ.

-Ухэплъэнкъэ, укъызэрымыкІуэм и щхьэусыгъуэр щызымыщІэкІэ, - жеІэ Замудин, Дахэнагъуэ щэнтым игъэтІысэра.

Замудин фІыуэ илъэгъуа Дахэнагъуэ щІыхуб зэкІуж зэкІэлъыкІуэт, вындым хуэдэ и щхьэцыр щІым нэсрэ жыпІэну едзыхат. ЩІалэ куэд зыхухъуэпльІ, зэхъуапсэ пщащэт ар.

Зэбгъэдэсащ куэдрэ Замудинрэ Дахэнагъуэрэ, зызэщамыгъэнщІу.

- Хэкіуэтащ, Замудин, накіуэ, сышэж, армыхъумэ гуэзвэнущ дыдейкэр, - жиІащ Дахэнагъуэ.

- Сэ уэзрысигъусэнур яжеІакъэ? - щІоупщІэ Замудин.

- ЯщІэ, ауэ сыкІуэжмэ нэхъыфІщ, езгъэлейімэ, сыкъыдамыгъэжьыжьыхэнри хэлъщ, - жэуап етыж пщащэм.

- Хьунщ, зы дакъмкъэкІэ умыІэщІэж, зыгуэр бжесІэнущи, - жеІэ Замудин, щэнт зытесыр хъыджэбэшм бгъэдигъэкІуатэуэрэ. - Зы ильэсхъуэ икІи ильэситКІым дызэрызэгъусэрэ. Сэ уэ фІыуэ успъэгъуащи, ди гъащІэр зы дыгъэщ. КъыздэкІуэ.

Дахэнагъуэ зыри жимыІзу къыпІигуфІыкІри, «Сэ нэгъуэщІ сыхуей, куэд щІащ а псалъэм сызэрежьэр», - жыхуиІэу, псалъэмакъыншэу сыарэзыщ къыригъэкІыу и щхьэр ищІри, Замудин зришэкІащ.

Ещанэ махуэм и пщэдджыжьым Замудин Дахэнагъуэ хъишащ. Хьэгъуэлыгъуэ дахэ иращІэкІащ фІыуэ зэхыджэбэрэ. Зэщъэкъуэсхэр зэдэпсэугъуэ, зыр щІэкІамэ, адрейр ар къыщІыхьэжьыным пэпІъуэу.

Цыкіыуитіыр нэхъ къэжэпхъыу зэмани дэкІа нэужь, унагъуэм псалъэмакъ яІэ хъуащ. Дахэнагъуэ и пщІы-хьым къыхэхуэртэкъым и унагъуэм пшэ фІыщІэ къыщІхьэщыхьэну, и ГъащІэм напІэзыпІэу зихъуэжьыну, псалъэмакъ гуащІэ зэгуэр и унагъуэм къыщыхъеину. АтІэми...

Замудин пщыхьэщхьэкІэ бзэхыу щІидзащ. Хьэуэ, ялэм хуэдэу Дахэнагъуэрэ Замудин жиІэнІауэ хунэмыс щІыкІэ.

-Ухэплъэнкъэ, укъызэрымыкІуэм и щхьэусыгъуэр щызымыщІэкІэ, - жеІэ Замудин, Дахэнагъуэ щэнтым игъэтІысэра.

Замудин фІыуэ илъэгъуа Дахэнагъуэ щІыхуб зэкІуж зэкІэлъыкІуэт, вындым хуэдэ и щхьэцыр щІым нэсрэ жыпІэну едзыхат. ЩІалэ куэд зыхухъуэпльІ, зэхъуапсэ пщащэт ар.

Зэбгъэдэсащ куэдрэ Замудинрэ Дахэнагъуэрэ, зызэщамыгъэнщІу.

- Хэкіуэтащ, Замудин, накіуэ, сышэж, армыхъумэ гуэзвэнущ дыдейкэр, - жиІащ Дахэнагъуэ.

- Сэ уэзрысигъусэнур яжеІакъэ? - щІоупщІэ Замудин.

- ЯщІэ, ауэ сыкІуэжмэ нэхъыфІщ, езгъэлейімэ, сыкъыдамыгъэжьыжьыхэнри хэлъщ, - жэуап етыж пщащэм.

- Хьунщ, зы дакъмкъэкІэ умыІэщІэж, зыгуэр бжесІэнущи, - жеІэ Замудин, щэнт зытесыр хъыджэбэшм бгъэдигъэкІуатэуэрэ. - Зы ильэсхъуэ икІи ильэситКІым дызэрызэгъусэрэ. Сэ уэ фІыуэ успъэгъуащи, ди гъащІэр зы дыгъэщ. КъыздэкІуэ.

Дахэнагъуэ зыри жимыІзу къыпІигуфІыкІри, «Сэ нэгъуэщІ сыхуей, куэд щІащ а псалъэм сызэрежьэр», - жыхуиІэу, псалъэмакъыншэу сыарэзыщ къыригъэкІыу и щхьэр ищІри, Замудин зришэкІащ

Зи макъым уихьэху уэрэджыІакІуэ

● ДифІ догъэлъапІэ

Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щІыхь зиІэ я артист, оперэ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, Музыкэ театрым и солист, Пуччини Джакомэ и цІэр зэрихьэу Италием оперэ уэрэджыІакІуэхэм я зэхьэзэхуэ щыгъэкІуэкІым и лауреат Ташло Алий и ныбжьыр щыщхьэуІум и 13-м илъэс 60 ирикъуащ.

ДЗЭПЫКЪУЭ щІыналъэм хыхьэ Малкэ къуажэм къыщалъхуащ Ташло Алий. Курыт еджапІэ ныужьым ар щІэтІысхьащ Налшык къалэ дэт Музыкэ училищэм. ИльэситкІэ еджауэ, дзэм кІуныкъу щищІэну ираджащ икІи къафэмрэ уэрэдымкІэ Хабаровск щыІэ ансамблым хагъэхьащ. Ансамблым хэту ди къэралым и щыпІэ куэдым концерт щитащ. Абы кІуныкъу щищІэм, Къуэкіыпі Жыжьэ дзэ округым и къафакІуэ, уэрэджыІакІуэ ансамблым хэту Ташло Алий кІыззхикІухьащ Магадан, Сахалин, Чукоткэ, Владивосток, Тында, Уссурийск, Биробиджан къалэхэр. Армэ ныжьым Музыкэ училищэр къиуахьжри, Римский-Корсаков и цІэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт къэрал консерваторэм щІэтІысхьащ.

Дуней псом щыжьэкІуфІу ябж оперэ композиторэм, уэрэджыІакІуэхэм я щІыналъэу къалъытэ Италиер. Карузо Энрикерэ Пуччини Джакомэрэ я щІыхькІэ Милан къыщыізрагъэпэщащ дунейпсо зэпеуэхэм и зэфІэкІ щеплъыжьну и насып кІрихьэкІащ Ташлом. КъыщынэмыщІауэ, Ла Скала оперэ театрым и режиссер нэхъыщхьэм иригъэблагъэри, Карузэ Энрике и студием и Іэзэгъэм щыхигъэхьауэ. Илъэс дэкІри, Италием къикІыу ежьэблагъэ тхьилъ кІыхуагъэхьащ, Ла-Скала и профессор пажэ Негри Робертэ и классым и Іэзэгъэм щыхигъэхьэну. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ятІэ Президент КІуэкІуэ Валерэ и фІыгъэкІэ Алий абы кІуэфат.

Ташлом лэжьэн щыщІидзащ Налшык дэт Музыкэ театрым. ИужькІэ Краснодар, Ростов иратгъэблагъат, а къалэхэм щылажьэмэ я гуапэу, арщхьэкІэ идакъым. Оперэ гъуазджэм ди щІыналъэм эщыгъужьыныр къыхэзыхэ Ташло Алий, еджапІэр кІыззриухрэ къэкІуэжауэ Налшык щолажьэ, классикэ театр макъамэ гъуазджэр игъэбейуэ.

Классикэ уэрэдхэр фІыуэ зылъагъухэр Ташлом и макъ гуакІуэм димыихьэхынкІэ Іэмал иІэкъым. Алий и концертхэми ар зыхэт пшыхьхэми цІыхухэр куэду йокІуалІэ. Тенор макъ щІэщыгъуэ зиІэ, иужьрей плышІым щІигъауэ утыкушхуэм ит артистыр эзэмэ зэхуэмыдэхэм Іэхуэщ Іапі зэхьилІэуэжьыгъуэхэм щылажьащ. «Меркурий» уней фирмэр зей Дер Вячеслав 2005 гъэм кІыззэригъэщауэ щыта, къафэмрэ уэрэдымкІэ ансамблым и унафэщІ къалэныр пІалъэкІэ игъэзэщІащ. Дагъыстэн Республикэм оперэмрэ балетымкІэ и театрым, Ставрополь щІыналъэ театрэмрэ Пятигорск и опереттэ театрымрэ ядэлэжьащ. Таллинн концертхэр щитащ. Абы и гъэцІэм хэтщ фестиваль цІэрыІуэхэу ди къэралым щрагъэкІуэкІ куэди.

Ташлом ролхэр зэригъэзащІэр, жиІэ уэрэдхэр цІыхухэм яг нос, аращ утыку кІыззрихьэу Іэгуаеузшхуэ щІыхуаІэтри. Ар лэжьыгъэм хуиІэ гудзавэмрэ жэуапІэныгъэмрэ кІыпІэкІащ, ауэ псом ятІэ ешІэн и зэфІэкІыкІ. Алий игъэзэщІащ Жермон Альфред (Верди Дж. и «Травиата»), Герцогым (Верди Дж. и «Риголетто»), Ленский (Чайковский П. и «Евгений Онегин»), щыджан щІалэм (Рахманинов С. и «Алеко») и ролхэр, нэгъуэщІ куэди. Леонкавалло Руджерэ и «Паяцы», Пуччини Джакомэ и «Тоска» оперэхэми роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщІащ. Музыкэ театрым зызрипщІт лэжьыгъэ куэдым абы партие нэхъыщхьэхэм ящыщхэр щегъэзащІэ. Ирагъэблагъэурэ ар щоджэгу гъунэгъу республикэхэми къэралым и къалэшхуэхэми щагъэув спектаклхэм, нэхъыбэу игъэзащІэри куэд зыпэмылъэщ партие нэхъ гугъуэхрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ, гъуазджэ махуэшхуэхэр Алий и макъымкІэ егъэдахэ. Абы концерт щет ди къэралым и къалэ куэдми хамэ щІыналъэхэми. Дэнэ щІыпІэ зыкъыщитхьэлъэгъуами, абы и пшыхьэм цІыхухэр куэду къокІуалІэ, Іэгуауэшхуэ хуаІэт. Алий уэрэдхэр жеІэ адыгэбзэкІэ, урысыбзэкІэ, итальянибзэкІэ, испанибзэкІэ. АдыгэбзэкІэ игъэзащІэ, цІыхухэм ягу дихьэ уэрэдхэм ящыщщ Даур Аслъэнэрэ ТІэш Хьэмидрэ зэдатха «Адэжь пльаохэу Къэбэрдей», Тхьэбысым Умар и «Адыгэ джэгу» уэрэдхэр. Абы кІыкІращи, шэч кІыгтымыхьэу жьпІэ хъунущ Ташлор гукІи псэкІи зыпэрыт Іэнатіэм кІыззэрыхуигъэщІар.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Мурат дунейпсо чемпион хъуащ

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыІэм ведомствэм щІэмыт и хъумакІуэ Іэнатіэм и лэжьакІуэ, полицэм и майор Щоджэм Мурат дыщэ медаль къыщихьащ (кг 82-р хьэлъагьым) Къыргъызым и щыхьэр Бишкек къалэм щекІуэкІа, тхэквондомкІэ дунейпсо чемпионатым. Ар игъэсэнщ тренер цІэрыІуэ Бэлахъуэ Елдар.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ зэхуишэсат къэрал 27-м я спортсмен лъэщу миным щІигъу. Мурат, къэралым и командэ къыхэхам хэту, зэпеуэу щым щытекІуэри, спортым дунейпсо классымкІэ и мастерым и мардэхэр игъэзэщІащ.

«Мы спорт лІэужьыгъуэм сэ зестащ пасэу икІи ехъулІэныгъэшхуэхэр щызыІэрыгъэхьащ. ФІыщІэ яхузощІ къыздэщІа, къыздэІэпыкъуэ псоми. Ерыщу Іуэхум яужь уитмэщ куэд щызыІэрыбгъэхьэфынур», - къыхигъэщащ Щоджэм Мурат.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Хъыбар гуапэ

ТекІуэжь Астемыр дыжьыныр ейщ

Шыщхьэуіум и 4 - 14 махуэхэм Белоруссием щекІуэкІащ СНГ-м хьихьэ къэралхэм я II лъэпкъхэм зэдай чемпионат. Абы дыжьын медалыр къыщихьащ ди республикэм и дзюдоист ТекІуэжь Астемыр.

КЪЭРАЛ 22-м щыщ спортсмен минитРэ щитхум щІигъу спорт лІэужьыгъуэ 20-м щалэ зэфІэкІкІэм щеплъыжащ мы чемпионатым. ТекІуэжь Астемыр зыхэта Урысейм и гупым ятІэ ювіпІэр къихьащ, Къэзахъстаныр 7:0 хагъащІэри.

Астемыр илъэс 15 - 17 хъу, килограмм 81-м нэс зи хьэлъагъэхэм яхэту и закъуэу зыкъыщигъэлъэгъуам, етІуанэ ювіпІэр къихьащ, и ятІэ ищащ абы и хьэрхэрэгъуэ щыта Турлуев Ахьмэд. ТекІуэжь Астемыр зи гъэсэныр Дзу зэкъуэшхуэ Залымрэ Бесльэнрэщ. Фигу къэдгъэкІыжащ: илъэс 17 зи ныбжь Астемыр нэгъабэ Саранск щекІуэкІа урысейпсо чемпионатым ятІэ ювіпІэр къыщихьащ.

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.

Псынэдахэмрэ Альтудымрэ зэрыпашэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуп нэхъыщхьэм и гъэмахуэ чемпионатым и зи чэзу зэІуіщІэхэр екІуэкІащ. Ятіэ ит командэхэр зэрыпашэщ. Псынэдахэ и «Родник»-мрэ Альтуд и «Искра»-мрэ текІуэныгъэ кьахь къудей мыхъуу, я хьэрхуэрэгъуэхэр бжьыгъэшхуэкІэ хагъащІэ. «Тэрчыр» зэкІэ мыджэгуу зигъэпсэхуами, ещанэ увыпІэм зэрыщытщ. ФІэщІыгъуейщ мы командищыр къезыгъэкІуэтэхыфын гуп чемпионатым къыхэкІыныр.

ЩЫГЪУАЗЭ фыхуэтщІынщ иужь зэІуіщІэхэм яркІуа бжьыгъэхэм: «**Акъбащ**» (Акъбащ) – «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) – **3:3**, «**Шэрджэс**» (Шэджэм) – «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) – **2:1**, «**Дохъушыкъуей**» (Старэ Шэрэдж) – «**Имран**» (Бахъсэн) - **3:0**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Исльэмей**» (Исльэмей) - **0:1**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) – «**Родник**» (Псынэдахэ) – **1:8**, «**Искра**» (Альтуд) – «**Малкэ**» (Малкэ) – **5:0**.

Топ нэхъыбэ хьэрхуэрэгъуэм я гъуэхэм дэзыгъэІалхэр: 1. Тамаев Алан – 18 («Шэрэдж»), 2. Бэчбо Мурат - 17 («Родник»), 3. Урысбий Ратмир – 14 («Шагьдий»), Урыс Аслъэн -14 («Искра»).

Мы тхьэмахуэм къурибудэу зэдэджэгунухэщ «Спартак-Д» - «Дохъушыкъуей», «Шагьдий» - «Акъбащ», «Кэнжэ» - «Тэрч», «Имран» - «Шэрджэс», «Псыгуэнсу» - «ЛогоВАЗ», «Родник» - «Искра», «Малкэ» - «Урыху» командэхэр.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.«Родник»	17	15	2	0	69-15	47
2.«Искра»	17	15	1	1	70-17	46
3. «Тэрч	16	12	3	1	41-15	39
4. «Спартак-Д»	16	8	3	5	47-29	27
5. «Шагьдий»	17	8	3	6	62-40	27
6. «Малкэ»	16	7	3	6	30-31	24
7. «Исльэмей»	16	6	3	7	39-43	21
8. «Кэнжэ»	17	6	2	9	34-46	20
9. «Акъбащ»	17	4	5	8	33-57	17
10. «Шэрджэс»	17	5	1	11	38-58	16
11. «Дохъушыкъуей»	18	5	1	12	31-54	16
12. «ЛогоВАЗ»	15	4	4	7	21-37	16
13. «Урыху»	17	3	5	9	31-50	14
14. «Псыгуэнсу»	18	3	5	10	31-51	14
15. «Имран»	18	3	3	12	32-66	12

● Футбол

Дагъыстэнхэм нэхъ яхозагъэ

«Динамо-2» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) – 1:2 (0:1). Мэхъэчкъалэ. Исинбаевэм и цІэр зезыхьэ «Труд» стадион. Щыщхьэуіум и 7-м. Щыху 300 ещІащ.

Судьяхэр: Къуэшыкъуэ (Белореченск), Типикин, Нередькэ (ТІури Краснодар щыщщ).

«**Динамо-2**»: Зайнудинов, Сындыку, Джабраилов Ах., Ибрагимов М. (Юсупов, 68), Занивов, Гаджиев (Салимов, 63), Джабраилов Аб., Яхьяев (Шихалиев, 72), Исаев Ш. (Джамуев, 63), Ибрагимов К., Абдурагимов (Насибов, 63).

«**Спартак-Налшык**»: Къумыкъу, Молэмусэ, Гъуэгуэкъуэ, Березов, Далиев, Хьэшыр (Мэкъуауэ А., 80), Топурие (Галбацибиров, 80), Торосян, Селяев (Жангоразов, 68), Масленников (ХьэщІыкІу, 56), ЛІуп (Котов, 68).

Топхэр дагъэІащ: Хьэшырым, 26 (0:1). Хьэшырым, 51 (0:2). Насибовым, 87 (1:2).

Дагъуэ кьыхуащ: Джабраилов А., Исаев Ш..

Урысей Федерацэм футболымкІэ и ятІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и ЕтІуанэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ мазэ кІуам и кІэухым кьыргъэблагъэ Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-м 0:1-уэ къыхигъэщІа иужькІэ «Спартак-Налшыкым» къыпэщылъат Дагъыстэнхэм и командэхэм яІуцІэну. Ятіэ дыкъыщу къыхэдгъэщынщи, ди щІалэхэм ахэр хьарэзынэу къайхьуІащ икІи, я очкэ бжьыгъэм 6 хагъахъэри, етІуанэ увыпІэм эмаг.гъэбыдащ.

Дунейм и хуабэгъуэ дыдэу щытми, налшыкдэсхэм жьыджэрагъэ кьагъэлъэгъуащ. НэгъуэщІуи хуэнтэкъым, ятіэ увыпІэмкІэ языхэзыр эыІэрагъыхьэу адэкІэ бэнэныгъэм пащэну хуеймэ.

Мэхъэчкъалэ щыІа зэІуцІэм «Спартак-Налшыкым» тепщэнгъэр щиутІыпщакъым. Абы и лІыхъужь нэхъыщхьэ хъуащ гупым и капитан Хьэшыр Алан, 26-нэ, 51-нэ дакьикъхэм а щІалэм хэгъэрейхэм яхудигъэкІа топитІым гурыІуэгъуэ ящІат Къэбэрдей-Балъкъэрым икІаэм текІуэныгъэр зэрахьыныр. Апхуэдэуи кьэхъуащ, джэгум и кІэух Іыхьэм мащІэу бэлэрыгъэу я гъуэр зэ кьызэрыгъэзащІам щхьэкІэ къэмынэу.

«Спартак-Налшык» (Налшык) – «Победа» (Хасавюрт) - 4:0 (2:0). Налшык. «Спартак» стадион. Щыщхьэуіум и 13-м. Щыхуи 180-рэ ещІащ.

Судьяхэр: Молдован (Краснодар), Шпильфогель (Ленинград область), Сахаров (Москва).

«**Спартак-Налшык**»: Къумыкъу, Далиев, Гъуэгуэкъуэ, Молэмусэ, Березов, Хьэшыр (Галбацибиров, 84), Топурие (Мэкъуауэ А., 63), Селяев, Торосян (Блий, 72), ХьэщІыкІу (Жангоразов, 72), ЛІуп (Котов, 63).

«**Победа**»: Хункеров, Махмудов, Курбанов, Вагабов, Уткин, Ибрагимов, Майсултанов (Вагабов, 63), Мансуров (Сальников, 46), Керимов, Петерсон (Байсангуров, 63), Халинбеков (Салимов, 63).

Топхэр дагъэІащ: Торосян, 34 (1:0). ЛІупым, 45 (2:0). Хьэшырым, 58 (3:0). Котовым, 86 (4:0).

Дагъуэ кьыхуащ: ХьэщІыкІуэм, Торосян, Ибрагимовым, Керимовым, Хункеровым.

75-нэ дакъикъэм Хьэшырым пенальти худэгъэкІакъым (штангэ).

Тхьэмахуэ дэкІри, Налшык къэблагъащ Дагъыстэным и Хасавюрт къалэм къикІа «Победа»-р. Урысей Федерацэм футболымкІэ и ещанэ дивизионым щекІуэкІа зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щиубыдащ, абы Іэмал игъэтащ «Спартак-Налшыкыр» зыхэт гупым зыкъыщигъэлъэгъуэну.

Хасавюрт къикІа топджэгум дихьэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм гуапэу къыщыригъэблагъащ. Ардыдэр пхужьІэнуку ям футболистхэм ехьэлІауэ. ХьэщІэхэм зэрызэхъумэжьыфар сихьэт ныкъуэкІащ. АдэкІэ топхэр я гъуэм ищащэу хуэжьащ.

Бжьыгъэр дахэ дыдэу Торосян Севадэ къызэІуихащ. Зэгъэпсэхуну имыкІ щыкІэ ар игъэбгъэщащ ЛІуп Исльам.

Джэгум и етІуанэ Іыхьэми «Победа»-м и футболистхэм щхьэхъэІэтыпІэ ягъэтакъым. Абдежым утыкур иубыдыпащ «Спартак-Налшыкым» и капитан икІи и гуапэу нэхъыфІ Хьэшыр Алан. ЯпэщІыкІэ абы бжьыгъэр 3:0-м хуигъэхъащ. Мыгувэу нэхъ иныжи хуэщІыфрынут, арщхьэкІэ метр пщыкІуым и дежи щьэту зэуа топыр штангэм теХуащ.

Апхуэдэу джэгур тыншу кьайхьулІэ, бжьыгъэшхуэкІэ ятіэ ищатэтми, налшыкдэсхэр рувыІэгъуэ имыІэуебгъэрыкІуэрт. ХьэщІэхэм зы топ нэхъ мыхъуми кьыдагъэкІыну абыхэм Іэмал иратыртэкъым. Уеблэмэ иужь дыдэ дакьикъэхэм кІэух бжьыгъэр 4:0-м хуагъэхІащ. КьыхэжаныкІащ «Спартак-Налшыкым» кьызэрыхьэхэр куэд мыщІа Котов Саввэ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и ятІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и ЕтІуанэ гупым и зи чэзу зэІуцІэхэм яркІуа бжьыгъэхэм: *елланэ джэгугъуэ* - «**Победа**» (Хасавюрт) – «**Астрахань**» (Астрахань) – **0:1**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) – «Алания-2» (Владикавказ) – **5:0**; *етхуанэ джэгугъуэ* - «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) – «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) – **0:1**. «**Алания-2**» (Владикавказ) – «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) зэІуцІэр щекІуэкІар дыгъуэпшыхьэщ.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» Астрахань къалэм щригъэкІуэкІынущ. Щыщхьэуіум и 19-м ди щІалэхэр яІуцІэнущ абы и щІыпІэ командэм.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и ЕтІуанэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Мэшыкъуэ-КМВ»	5	5	0	0	13-2	15
2. «Спартак-Налшык»	5	3	1	1	8-3	10
3. «Легион»	4	1	2	1	5-5	5
4. «Астрахань»	4	1	2	1	6-6	5
5. «Победа»	4	1	0	3	2-9	3
6. «Динамо-2»	3	0	1	2	3-5	1
7. «Алания-2»	3	0	0	3	1-8	0

Я узыншагъэм зэрыкІэлъагъэплъ пУтёвкэхэр

Урысейм и Социальнэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм илъэсыр къызэрихьэрэ къызэригъэпэщащ щыналъэм щыпсэу щыху 205-м я узыншагъэр санаторэ-курорт Іуэхущ Іапі-хэм щызэфІагъэувэжыныр. Абы хуаутІыпщащ сом мелуани 2,3-м щІигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрми нэгъуэщІ щыпІэхэми зыщрагъэІэзэ икІи профилактикэ щрагъэкІуэкІ мыпхуэдэ узыфэхэр зыпкърытхэм: гъыр зэрызекІуэм, эндокриннэ системэм, зэрыбауэ органхэм, нервхэм екъэлІахэр, нэгъуэщІхэри.

Санаторэ-курорт щыпІэм зыщрагъэІэзэным махуэ 18 къызэщІеубыдэ, сабий ныкъуэдыкъуэхэм махуэ 21-рэ, зи щІыбымрэ щхьэкІуэцІымрэ ехьэлІа узыфэхэр зиІэ ныкъуэдыкъуэхэм махуэ 24-м кІыщыщІэдзауэ 42-м нэс.

ОСФР-м и мылькъкІэ къыщоІэзэну уи чэзыр къыщысыснум ущыкІэльыпІпІыфынущ а Іуэхущ Іапі эм и сайтым (https://social-insurance.sfr.gov.ru/r07/) - «Информация для жителей региона» напэкІуэцІым. Худэчых зиІэм и СНИЛС номерыр къигъэлъэгъуэн хуейуэ аращ абы щхьэкІэ.

Фигу къэдгъэкІыжыщи, санаторхэмрэ курортхэмрэ щыхухэм щеІэзэныкІэ путевкэхэр ират апхуэдэ социальнэ Іуэхутхьэбзэ хуащІэну хуитыныгъэ зиІэхэм. Апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэ зы зэман хуэмеихэр щІегъуэжамэ, зэфІагъэувэж хунущ къыщІелэсыну щыІэм ящыщІэну къэнымрэ къэкІуэжьныныкІэ я хуитныгъэр. Абы папщІэ жэпуэгъуэм и 1-м нэсыху Іэмал имыІэу зыхуэфащэ лъэпхэр ятын хуейщ Госуслуги, МФЦ порталымкІэ е СФР-м и клиент къулыкъум. 2024 гъэм кІыщыщІэдзауэ я хуитныгъэр зэфІагъэувэжынущ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Щыгъуазэ зищІащ

УФ-м и Лъэпкъ гвардием Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм щиІэ дзэ округым и унафэщІым дзэполитикэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэ, генерал-майор Черноиванов Сергей къэкІуащ Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыІэм.

Ар яхуэзащ Урысей гвардием и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІхэм, къызэхиплъыхьащ Управленэмрэ къудамэ хэхахэмрэ я щІыпІэхэр, щыгъуазэ зищІащ роснвардейцхэм къулыкъур зэрырахьэкІымрэ ахэр къызэрызэгъэпэщамрэ. Апхуэдэуи Черноиванов Сергей къипщІтащ дзэ къулыкъущІэхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ къапэщыт къалэнхэр гъэзэщІэным зэрыхуэхьэзырыр, гупым хэтхэм епсэлъащ, абыхэм я упщІэхэм жэуап яритащ.

«Си фІэщ мэхъу Управленэм и лэжьакІуэхэрэ дзэ къулыкъущІэхэмрэ къапэщыт къалэнхэр гъэзэщІэным зэрыхуэхьэзырыр, гупым хэтхэм епсэлъащ, абыхэм я упщІэхэм жэуап яритащ.

«Си фІэщ мэхъу Управленэм и лэжьакІуэхэмрэ дзэ къулыкъущІэхэмрэ къапэщыт къалэнхэр гъэзэщІэным зэрыхуэхьэзырыр, гупым хэтхэм епсэлъащ, абыхэм я упщІэхэм жэуап яритащ. Ар лэжьыгъэм хуиІэ гудзавэмрэ жэуапІэныгъэмрэ кьыпІэкІащ, ауэ псом ятІэ итыр езым и зэфІэкІыкІ. Алий игъэзэщІащ Жермон Альфред (Верди Дж. и «Травиата»), Герцогым (Верди Дж. и «Риголетто»), Ленский (Чайковский П. и «Евгений Онегин»), щыджан щІалэм (Рахманинов С. и «Алеко») и ролхэр, нэгъуэщІ куэди. Леонкавалло Руджерэ и «Паяцы», Пуччини Джакомэ и «Тоска» оперэхэми роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщІащ. Музыкэ театрым зызрипщІт лэжьыгъэ куэдым абы партие нэхъыщхьэхэм ящыщхэр щегъэзащІэ. Ирагъэблагъэурэ ар щоджэгу гъунэгъу республикэхэми къэралым и къалэшхуэхэми щагъэув спектаклхэм, нэхъыбэу игъэзащІэри куэд зыпэмылъэщ партие нэхъ гугъуэхрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ, гъуазджэ махуэшхуэхэр Алий и макъымкІэ егъэдахэ. Абы концерт щет ди къэралым и къалэ куэдми хамэ щІыналъэхэми. Дэнэ щІыпІэ зыкъыщитхьэлъэгъуами, абы и пшыхьэм цІыхухэр куэду къокІуалІэ, Іэгуауэшхуэ хуаІэт. Алий уэрэдхэр жеІэ адыгэбзэкІэ, урысыбзэкІэ, итальянибзэкІэ, испанибзэкІэ. АдыгэбзэкІэ игъэзащІэ, цІыхухэм ягу дихьэ уэрэдхэм ящыщщ Даур Аслъэнэрэ ТІэш Хьэмидрэ зэдатха «Адэжь пльаохэу Къэбэрдей», Тхьэбысым Умар и «Адыгэ джэгу» уэрэдхэр. Абы кІыкІращи, шэч кІыгтымыхьэу жьпІэ хъунущ Ташлор гукІи псэкІи зыпэрыт Іэнатіэм кІыззэрыхуигъэщІар.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Налшык я гуапэу щагъэльагъуэ

● Фильмыщ Іэ

Сурэтыщ гъуазджэхэмкІэ музей, Ткаченко Андрей и цІэр зезыхьэм, щыщхьэуіум и 9-м щагъэльагъуащ гъуазджэмрэ щІэныгъэмкІэ Петровскэ академием хэта, «Эльбрусские новости» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щыта, псапащІэ, сурэт куэд зэхуэзыхьэса Хаджиев Даниял теуцуж «Контражур» документальнэ фильмым.

КЪЭЖЬІАПХЭЩ, Санкт-Петербург 2021 гъэм щекІуэкІа «Влюблённые в искусство» дунейпсо кинофестивалым «Контражур» фильмым лауреат зэрыщыхъуар. Режиссёрыр дзэ репортёр, тележурналист, кинодокументалист Богатырёв Ильясщ.

Фильмым лъабжьэ хуэхъуащ Хаджиев Даниял зэхуихьэса лэжьыгъэхэр зыщІэлъэ, Тырныауз щыхуэ Урысейм и бгыщхэ галерее нэхъ ин дыдэр. Абы Урысейм Белоруссиемрэ я художникхэм я сурэт, графикэ лэжьыгъэ миным щІигъу щІэлъщ. Режиссёрым зэрыжьІэмкІэ, фильмым хигъэхьащ гъуазджэр зыльытэ дэтхэнэ зыри дэзыхьэхыну лэжьыгъэ кьыхэщыпыкІахэр.

Хаджиев Даниял 2021 гъэм и гъатхэм дунейм ехьжащ. Коллекционерым лэжьыгъэ мин бжьыгъэхэр зэхуихьэсащ ди щІыналъэм и мызакъуэу, къэралым и художник щІэрыІуэхэм я Іэдакъэ кьыщІэкІаи хэлъу. Хаджиевыр гъуазджэм дихьэхат Санкт-Петербург и Эрмитажым электрикыу щыщылэжьа зэманым. А хьэпшыпхэр коллекционерыр щыпсэуа унэм щахъумэ. Ар зыльэгъуаэм жаІэ ахэр хэплъыхьа защІэу зэрыщытыр.

А лэжьыгъэм щыщ мы зэманым щІэупщІэ иІэу щагъэльагъуэ Налшык Сурэтыщ гъуазджэхэмкІэ и музейм.

АРЩЫДАН Гуащэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖъэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэмкІэ - 42-22-86; къуажэ Іэщ Іамрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894 Тиражыр 1.610 Заказыр №1762

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтеХуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, *корректорхэру* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(1, 3-нэ нап.)*, **Елмэс Фатіимэ** *(2, 4-нэ нап.)*.

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтыгу къалэ, Никольскэ эурам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.